Электрон рақамли имзо орқали тасдиқланган, ҳужжат коди: HP5053811101

# YURIDIKALÍQ ÁHIMIYETKE IYE HÚJJETLERDIŃ NÍZAM HÚJJETLERINE MUWAPÍQLÍĞÍ HAQQÍNDA HUQÍQÍY JUWMAQ

**1. Joybar túri:** Shátnama.

**2. Joybardıń atı:** Tovarlardı jetkrip beriw haqqında.

Taxtakópir rayonı **«TAXTAKOPIR SARIMSAQ SHARUA»** FX Ustav hám 12.10.2018-jıl 642793-sanlı guwalıq tiykarında jumıs alıp barıwshı baslıǵı **S.Daniyarov** bunnan kiyin **"Satıwshı" (Продавец)** bir tárepten hám Taxtakópir rayonı Mektepke shekemgi bilimlendiriw bólimi Ustav hám 18.11.2017-jıl 768-sanlı guwalıq tiykarında jumıs alıp barıwshı baslıǵı **M.Allambergenova** bunnan kiyin **"Satıp alıwshı" (Покупатель)** ekinshi tárep ortasında 100 485 000 (Júz million tórt júz seksen bes mıń) suwmlıq gósh ónimin jetkerip beriw hám qabıllap alıw boyınsha 15-sanlı shártnamasına juwmaq.

**3. Joybar islep shıǵarıwshı hám kirgizilgen sáne haqqında maǵlıwmat:**

Taxtakópir rayonı Mektepke shekemgi bilimlendiriw bólimi tárepinen 2022-jıl 24-yanvar kúni tayarlanǵan.

Joybar ámeldegi nızam hújjetlerge muwapıq islep shıǵılǵan hám onı qabıl etiw maqsetke muwapıq.

**Oray bas yuriskonsult** **J.S.Pirnazarov.**

26-yanvar 2022-jıl.

«

# ТОВАРДЫ ЖЕТКЕРИП БЕРИЎ ШӘРТНАМАСЫ

**24-январь 2022-жыл** **15-санлы** **Тахтакопир районы**

«TAXTAKOPIR SARIMSAQ SHARUA» Фермер хожалыгы (Буннан былай «Сатыўшы» деп жургизиледи) атынан Устав тийкарында атқарыўшы директор Данияров С биринши тәрептен хәм Тахтакопир районы Мектепке шекемги билимлендириу болими (Буннан былай «Сатып алыўшы» деп аталады) атынан ис жүритиўши екинши М.Алламбергенова тәрепинен өз-ара төмендеги шәртнаманы дүзди.

## I. ШӘРТНАМА МАЗМУНЫ (ПРЕДМЕТИ)

1.1 Шәртнама бойынша Сатыўшы товарды жеткерип бериўге, ал Сатып алыўшы усы шәртнамада көрсетилген мүддетте қабыл етиўге хәм есапласыўға миннетленеди.

1.2 Товардың атамасы, ассортименти, саны хәм бахасы төмендегише.

| Товар түрлериниң атамасы | Өлшем бирлиги | Саны | Бахасы | Жәми суммасы |
|---|---|---|---|---|
| Гош | Тонна | 1827 | 55000 | 100 485 000 |
| Жәми: | | | | **100 485 000** |

## II. ТОВАРДЫ ЖЕТКЕРИП БЕРИЎ ТӘРТИБИ ХӘМДЕ МҮДДЕТЛЕРИ:

2.1 Сатып алыўшы ақша қәржыларын Сатыўшынын есап бетине өткерген ай ишинде сатып алыўшыға жеткерип бериўге миннетли.

2.2 Сатыўшы есап бетине қаржы түскен күннен баслап 10 банк күн ишинде товар-материаллы байлыкларын жибериўи шәрт.

## III. ЕСАПЛАЎ ТӘРТИБИ:

3.1 товарлардың улыўма бахасы бойынша **100 485 000** сум (Жуз миллион торт жуз сексен бес мын ) сумды қурайды.

3.2 Сатып алыўшы төлемниң 30 пайызын алдын ала төлеўге миннетленеди.

3.3 Шәртнамада көрсетилген сумманы бөлип төлеген ўакытта Сатып алыўшы Сатыўшы менен соңғы есапласыўын сатып алыўшының шығыслар сметасына муўапык товар-материаллық байлыкларын алған ўакыттан баслап 10 банк күни ишинде амелге асырылады.

3.4 Есапласыўлар түри нақ пулсыз төлеў тапсырықнамалары арқалы төлеў жолы менен әмелге асырылыды.

## IV. ТОВАРЛАРДЫҢ САПАСЫ:

4.1 Товар материаллық байлықлардың сапасы усы товарлар топары ушын хәрекет етип турған стандарткасай болыўы шәрт.

4.2 Сатыўшы жарамсызлығы анықланған ўақыттан баслап 10 банк күни ишинде сапасыз товарын алмастырып бериўи лазым.

4.3 сатыўшы товар материаллық байлықларын кепиллик мүддетлерин Өзбекстан Республикасы аймағында хәрекет етип турған нызамлықларға муўапық береди.

## V.ТӘРЕПЛЕРДИҢ ЖУЎАПКЕРШИЛИГИ

5.1 Сатып алыўшы Сатыўшыға өз ўақтында төлем төлемегенлиги ушын хәр бир кешиктирилген күн ушын кешиктирилген сумманың 0,4 пайыз муғдарында үстеме (пеня) төлейди, бирақ кешиктирилген төлем суммасының 50 пайыз муғдарынан артып кетпеўи керек. Шәртнама миннетлерин арынламаған жағдайда пайда болатуғын үстеме (пеня) суммасы Сатып алыўшының бюджеттен тысқары есап бетинен төленеди.

5.2 Сатыўшы товар материаллық байлықларды өз ўақтында жеткерип бермей кешиктирилген жағдайда сатып алыўшыға хәр бир кешиктирилген күни ушын шәртнаманың орынланбаған бөлиминиң 0,5 пайызы муғдарында үстеме (пеня) төлейди, бирақ үстеме (пеня) шәртнама суммасын 50 пайыз муғдарынан аспаў керек.

5.3 Шәртнамада көрсетилмеген тәреплердин жуўапкершилик шаралары Өзбекстан Республикасы аймағында хәрекет етип турған нызамшылық нормаларына муўапық қолланылады.

5.4 Төленген жәриймалар миннетлерди орынлаўдан кемшиликлерди сапластырыўдан азат етиледи дегенди аңлатпайды.

## VI. ТӘРЕПЛЕРДИҢ МИННЕТЛЕРИ:

6.1 Шәртнамада көрсетилген шәртлерди талап дәрежесинде орынламаған жағдайда тәреплер Өзбекстан Республикасы аймағында хәрект етип турған нызамлықлар бойынша жуўап бериўге миннетленеди.

## VII. КЕЛИСПЕЎШИЛИКЛЕРДИ ШЕШИЎ ТӘРТИБИ:

7.1 Бул шәртнаманың орынланыўында жүзеге келетуғын хәр қандай даў хәм келиспеўшиликлер тáреплер ортасында өз-ара келисиў жолы менен шешиледи. Шәртлесиўге ерисилмеген тағдирде болса даўлар белгиленген тәртипте экономикалық суд арқалы шешиледи.

## VIII. ТӘРЕПЛЕРДИҢ КОРРУПЦИЯҒА ҚАРСЫ ГУРЕСИЎ БОЙЫНША МИННЕТЛЕМЕЛЕРИ

8. 1. Шáртнама бойынша өз миннетлемелерин орıнлаўда Тәреплер коррупцияға карсы гуресиў бойынша қағыйдаларға, сондай-ақ áмелдеги нıзамларға áмел этилиўин тáмийинлейди; яғный тәреплер бир-бирине ямаса мáмлекет катнасыўындағы мекеме жумысшысына пара бериў ямаса пара бериўде дәлдәлшылық қылыў материаллық ямаса материаллық емес пайда алыўдан тыйылыўы керек. Тәреплер бул хárекетлердиң алдын алыў бойынша илажлар қабыл етилиўин кепилликлейди.

Электрон рақамли имзо орқали тасдиқланган, ҳужжат код...

8. 2. Тәреплер коррупцияға қарсы қағыйдалар бузылғанда ямаса тийкарғы гуман жүзеге келгенде тезлик пенен жазба түрде (електрон почта арқалы ) ямаса исеним телефо арқалы бир-бирин хабардар қылыў миннетлемелерди алады. Бунда тәреплер жүзеге кел жағдайға айдынлық киргизиў мақсетинде жазба түсиндирме талап қылыў ҳуқықына ийе. шақырықты алған тáреп 10 (он) жумыс куни даўамында түсиндириў бериўи ямаса өз пикир билдириўи мүмкин.

8.3. Усы баптың талаплары орынланбағанда, сондай-ақ белгиленген мүдде коррупцион қаўип-қәтер тәтипке салынбаса, тáреплер áмелге асырған шаралар коррупци жағдайды төменлеўине алып келмесе, басқа тәреп шәртнаманы бийкарлаў ҳуқықына ямаса оның орынланыўын тоқтатып қойыўы мүмкин.

## IX. ЖУЎМАҚЛАЎШЫ ШӘРТЛЕР:

9.1 Шәртнамаға киритилетуғын хәр қандай өзгерислер хәм толықтырыўлар тәреплердин ўәкиллеринин қатнасыўында жазба түрде ғана әмелге асырылады. Шәртнама қосымша оның ажралмас бөлеги болып табылады.

9.2 Шәртнама еки данада дүзиледи оларды хәр бири теңдей күшке ийе хәр тәрепте бир шәртнаманы бир данасы (экземпляр) болады.

9.3. Шәртнамаға киргизетуғын хәр қандай өзгерис хәм қосымшалар жазба түрде бол хәр эки тáреп қол қойылғанан кейин ғана хақыйқый есапланады.

9.4. Шәртнама тáреплер ортасында қол қойылған хәм егер «Сатып алыўшы» бюдж мекемеси болса, буған қосымша түрде Өзбекстан Республикасы Қаржы министрлиги аймақлык ғазнашылык бөлиминен дизимнен откен күннен күшке киреди хәм 2022 ж 31 декабрге шекем амел этеди.

## IX. ТӘРЕПЛЕРДИҢ МӘНЗИЛИ ХӘМ БАНК РЕКВИЗИТЛЕРИ:

**«Сатыўшы»**

«TAXTAKOPIR SARIMSAQ SHARUA» Ф/Х
Юридикалык манзил: Тахтакопир районы
Тахтакопир АПЖ
Есап бети 20208000000931547001
СТИР 305801494
Банк атамасы Халк Банк
Тахтакопир районы филиалы
МФО 00641
Баслық: Данияров.С

**«Сатып алыўшы»**

Тахтакопир районы Мектепке шекемги
билимлендириу болими
Юридикалык манзил: Тахтакопир районы
Дослык гузары номерсиз жай
Есап бети: 100022860352307091100251009
СТИР 207267424
Банктың аты: Ташкент каласы Орайлык банки
МФО 00014
Баслык: М.Алламбергенова